# Fanm e andikap an Ayiti

## Entèvyou avèk Régine Marie Tessa ZEPHIRIN DIEGUE

Régine Marie Tessa ZEPHIRIN DIEGUE

Secrétaire au Bureau du Secrétaire d'État à l'Intégration des Personnes Handicapées (BSEIPH)

**DOI :** https ://doi.org/10.17184/eac.9135

**Résumé :** Ce chapitre est la retranscription d'un entretien consacré à la situation de vie des femmes handicapées en Haïti. Réalisé auprès de Régine Marie Tessa Zephirin Diegue, secrétaire au Bureau du Secrétaire d'État à l'Intégration des Personnes Handicapées (BSEIPH), l'entretien interroge le cadre légal et l'engagement de l'État en faveur des femmes en situation de handicap. Il souligne également les difficultés de scolarisation des jeunes filles handicapées et par extension d'insertion socioprofessionnelle qui expliquent la situation économique précaire des femmes handicapées en Haïti.

**Mots-clés :** Scolarisation, insertion professionnelle, situation économique, femme et situation de handicap

### 1 Kijan sitiyasyon lavi fanm andikape ye an Ayiti ?

Kondisyon lavi fanm andikape an Ayiti pa amelyore malgre tout efò gwoup òganize nan sosyete a fè, tankou òganizasyon k ap travay pou respè dwa fanm. Lejislasyon konsènan dwa fanm pòv e chak lè gen kriz sosyal, sanitè ou anviwònmantal, se yo ki plis viktim. Pou sila yo k ap viv sitiyasyon patikilye kòm jèn fi manman, manman selibatè oswa sa k gen VIH nan san, yo pi mal toujou. Yo viktim yon bann diskriminasyon entèseksyonèl nan ansanm sosyete a ak enstans nan Leta yo tou, paske sosyete a pa fokis sou yo ki vin pi meprize akoz andikap yo. Akoz enstriksyon ou fòmasyon yo pa genyen, y ap fonksyone nan kondisyon ki vilnerab anpil ak gwo prekarite. Kòm paran yo souvan abandone yo, yo rete sèl, san edikasyon ni travay e nan pi gwo mizè. Nan ka sa, kesyon jwi dwa sosyal, ekonomik, kiltirèl, politik e sivil yo, rete yon rèv ki pa reyalize.

## 2 Menm lè lejislatè a deklare e rekonèt dwa yo ?

Lejislasyon ayisyen an prevwa yon seri dispozisyon pou pwoteksyon dwa fanm an jeneral e, an patikilye, ti fi ak fanm andikape. Nou dwe remake Ayiti ratifye Konvansyon entènasyonal yo sou dwa fanm : Konvansyon pou eliminasyon tout fòm diskriminasyon sou fanm (CEDEF, 1979) ; Konvansyon Nasyonzini sou dwa timoun (1989, gade atik 23) ; Konvansyon entèameriken sou prevansyon, sanksyon ak eliminasyon vyolans kont fanm, yo te adopte nan Belém do Pará nan peyi Brezil an jen 1994 ; Konvansyon Nasyonzini sou Dwa Moun Andikape (2006) ki garanti dwa fanm andikape nan atik 6.

Men, tout pwoblèm nan se kesyon aplikasyon total lwa yo. Nou ka site kòm egzanp dekrè 8 oktòb 1982 sou emansipasyon fanm an Ayiti ki di fanm ak gason egal an matyè sivil (sou koze maryaj) ki pa aplike. N ap note konstitisyon 1987 la ak dekrè 6 jiyè 2005 sou represyon ak agresyon seksyèl la san nou pa bliye lwa 13 Mas 2012 la sou entegrasyon moun andikape yo. Fòk nou souliye fanm andikape yo viktim vyolans ak abi seksyèl anpil. Nou dwe remake anpil fanm andikape vin manman san konsantman yo. Sa k pi mal la, lalwa pa pini agresè yo e anpil gason ki fè pitit ak fanm andikape pa pran responsablite yo. Konsa, pou fè paran timoun yo pran responsablite yo, an 2014 palman ayisyen an adopte yon lwa sou patènite, matènite ak filyasyon. Lwa sa egzije paran, byolojik ou pa filyasyon, pou yo pran responsablite yo anvè timoun sa yo.

Plizyè òganis nan sosyete sivil la ak òganizasyon moun andikape (OPHs) te fè anpil pledwaye pandan 5 dènye lane sa yo pou rekonesans ak respè dwa timoun, men poko gen rezilta vre. Se yon gwo konba tankou rechèch enstitisyon ak asosyasyon k ap milite pou dwa moun montre sa kòm Ministè Kondisyon Feminin ak Dwa Fanm (MCFDF), Enpak (Angajman, Patisipation ak Kapasite), Asosiyasyon Fanm Solèy Dayiti/Association Femmes Soleil d'Haïti (AFASDA) ou Mouvement pour l'intégration et l'émancipation des femmes handicapées (MIEFH). An n souliye Biwo Sekretè d Eta pou Entegrasyon Moun Andikape (BSEIPH) ki kreye an 2007 te travay pou ti fi ak fanm andikape. Men, Leta nan entegralite l, an patikilye, Ministè Kondisyon Feminin ak Dwa Fanm (MCFDF), pa t kontinye sou liy sa ni ranfòse travay BSEIPH yo. Anpil nan fanm andikape pa genyen dokiman idantite akoz espas ak materyèl yo pa adapte ni akèy yo pa espesyalize. Mete sou sa, neglijans oswa fanmi moun andikape ki pa wè l enpòtan pou anrejistre tou piti, lè yo fèt, pitit yo ki andikape. Fenomèn sa marye ak yon mit ou mank lespwa sou avni timoun sa yo. E, pou jèn andikape, pri livrezon dokiman sa yo konplike, sitou yo bezwen yon moun deplase avèk yo. Apre baryè sosyal ak anviwònmantal, moun andikape sitou fanm ak ti fi andikape, Leta pa okipe, pa konsidere kòm moun ni pran bon jan mezi pou pèmèt yo enkli nan sosyeta a nan tout nivo.

Sa k anpeche fanm yo patisipe nan aktivite sosyal yo, se mank amenajman, aksesiblite nan batiman ak nan biwo nasyonal idantite yo. Gen kèk fwa, fanm sa yo, san akonpayman, degaje yo pou kont yo. Yo konn jwenn ajan ki pa gen okenn volonte pou bay yo enfòmasyon. Se menm jan tou, moun andikape, ki konn ap goumen pou egzèse dwa sivik yo, konn rankontre pwoblèm ki gen rapò ak aksesiblite, akonpayman ki pa sifi e ki pa koresponn ak bezwen espesifik yo genyen. Sa fè l difisil pou fanm andikape patisipe nan eleksyon kòm elektè ou kandida. Tout bagay sa yo rive malgre nan dekrè

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

elektoral 2015 la, yo te prevwa patisipasyon moun andikape nan pwosesis eleksyon an. Tèks sa ankouraje pati politik yo pou entegre moun andikape kòm kandida avèk yon kota 10% minimòm[1]. … Pou ede moun andikape jwi dwa sa yo, atik 29 Konvansyon Nasyonzini sou Dwa Moun Andikape (CRDPH) an 2006 egzije Leta yo, enkli moun andikape nan pwosesis elektoral la men tou fè yo gen aksè nan fonksyon piblik la. Nou ka konstate, lè nou konsidere ti kantite fanm andikape, manm gouvènman ayisyen ou palman ayisyen an, nou ka di règ sa yo pa respekte. Kòm nou ka wè l, pati politik yo pa konprann sa enklizyon ye e konsa, yo pa mete fanm okenn kote k ap pran desizyon.

## 3 Kijan ou ka eksplike absans Leta nan responsablite l yo ?

Biwo Sekretè d Eta pou Entegrasyon Moun Andikape te kreye 17 me 2007 nan sousi pou fasilite entegrasyon moun andikape nan lavi nasyonal la. Avèk yon bidjè fonksyònman ki piti anpil, enstitisyon sa pa kapab ranpli misyon li nòmalman. Fòk nou remake malgre enpòtans BSEIPH nan pwomosyon dwa moun andikape, pandan 2 fwa li te prèske pa fonksyonèl akoz desizyon politik. An 2016, gouvènman pwovizwa ki t ap dirije peyi a pa te gen yon Sekretè d Eta pou entegrasyon moun andikape. E an 2021, apre asasina prezidan Repiblik la, yo te kanpe tout sèvis BSEIPH pou yon ti tan ; pa te gen Sekretè d Eta pandan 4 mwa. E pandan vid enstitisyonèl sa, yon evènman trajik ta pral frape peyi a ki se tranbleman tè 14 dawou 2021 an ; li te touche sitou lokalite Titoudenip nan Sid peyi a[2]. Moun andikape, espesyalman fanm ak ti fi, moun soud ak moun avèg, te lage pou kont yo, san yo pa okipe yo. Tout sa yo pase malgre atik 11 CRDPH la an 2006 (Ayiti ratifye) egzije Leta akonpaye e pran swen moun andikape lè gen kriz ak ijans imanitè.

Pou pi fò nan enstitisyon sèvis piblik yo, akonpayman moun andikape, rete yon gwo defi. Fòk nou remake moun soud yo ak sila yo ki gen defisyans vizyèl lage nan yon kwen. Pa gen entèprèt an lang siy ni volonte pou valorize ekriti Bray. Baryè sa yo bloke aksè moun andikape yo nan plizyè sèvis sosyal ki pi enpòtan yo, tankou lasante, edikasyon, lajistis, travay, elatriye.

Chak fwa, BSEIPH bay moun andikape sibvansyon ant 15,000 a 50,000 goud selon ka a, genyen ti fi ak fanm nan moun ki jwenn yo. Kès Asistans Sosyal (CAS) ede anpil moun andikape, men sibvansyon ki varye ant 1,000 a 1,500 goud (swa mwens pase $ 10 US) chak mwa, pa toujou al jwenn moun andikape yo. Sibvansyon sa yo pa rive retire benefisyè yo nan povrete.

## 4 Kijan zafè lekòl ti fi andikape yo ye ?

Nivo edikasyon ti fi ak fanm andikape yo ba anpil. Jeneralman, fenomèn eskolarizasyon timoun yo (andikape ou pa) gen yon enpak negatif sou enstriksyon global an Ayiti. Fòk nou remake nan jou sa yo, genyen yon ti alemye an pousantaj, men ki pa reprezante kichòy. Pou yon seri moun, se paske pa genyen lekòl enklizif jan atik 24 CRDPH la egzije sa ki fè timoun andikape yo pa jwenn enstriksyon. Pou yon lòt kategori, se pito yon mank planifikasyon, absans yon politik Leta ayisyen pou enstriksyon an jeneral

[1] Poutan konsènan fanm yo, lalwa egzije yon kota 30% pou yo)

[2] Daprè Agence France Presse, tranbleman tè a te touye 2200 moun e kraze plis pase 130 000 kay

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

puiske timoun ki pa andikape yo, malgre tout sa ou tande, to eskolarizasyon pa yo (ant 75.8% a 80% daprè Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl). Daprè mwen, kesyon timoun andikape ki pa ale lekòl la, yon kote, se paske pa genyen enstitisyon e, yon lòt kote, se paske paran yo pa motive e konsidere timoun andikape a kòm yon ka pèdi. Pou sosyete a, timoun andikape yo, yo wè yo tankou moun yo bliye, ki lage nan yon kwen ; yon bann moun ki san avni. Pou yo menm, tout envestisman a lontèm initil e dekonseye. Sa fè nan nivo ansèyman siperyè, PSH yo reprezante 1,7% sou kantite moun enstwi yo. Sa ki jistifye ti to moun andikape enstwi yo, se paske yo mete yo sou kote depi yo tou piti. Konsa, paran k ap goumen pou mete timoun yo lekòl, sitou ti fi, yo ra anpil. Fanm k ap viv ak yon defisyans e ki gen yon wo nivo pwofesyonèl ra anpil. Nan sosyete ayisyen an, pa gen anpil moun ki konsyan yo kapab ede pou chanje sitiyasyon sa nan egzije, san pran souf, respè dwa pou moun andikape ale lekòl. Pi piti to eskolarizasyon an plis chita toujou bò kote fanm yo pase gason.

Diferans nan enstriksyon ant gason ak fanm andikape k ap viv an koup se yon bagay ki pa nòmal. Soti nan laj 10 an, anviwon 32% gason eskolarize kont 19,3% fanm. Apre primè kote diferans lan ant gason (21,1%) ak fanm (12,6%) parèt wo, li pa anpil nan nivo segondè e siperyè. Konsa, bò kote gason andikape k ap viv an koup 5,1% gen nivo segondè (7è a 9è ane fondamantal), 5,1% rive nan 3è a “filo” e 0,8% rive nan nivo siperyè. Konsènan fanm andikape, reyalite a se 3,3%, 2,9% e 0,3%[3].

## 5 Nan sans sa, sa gen enpak sou anplwa ak ensèsyon sosyopwofesyonèl yo ?

Youn nan mal k ap fè fanm andikape an Ayiti soufri, se majinalizasyon yo sou tout plan, tankou nan sektè anplwa. Menm lè lwa 13 mas 2012 la entèdi fòmèlman, nan atik 42, tout pratik diskriminasyon sou moun andikape lè y ap fè rekritman ak anplwa, se yon ti kras moun andikape ki jwenn travay e sila yo ki resi travay yo gen yon ti salè.

Daprè yon analiz Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmatik (IHSI) te prezante sou kondisyon lavi gason/fanm ayisyen (ECVH)[4], fanm yo an jeneral mwens eskolarize pase gason yo, genyen mwens avantaj pou ensèsyon yo sou mache travay la. Yo anpil nan pwofesyon ki pa twò kalifye, yo reprezante 43,9% nan pwofesyon entèlèktyèl e syantifik, 36.5% nan pwofesyon entèmedyè yo e 32.3% nan anplwaye administrasyon piblik la[5]. Sitiyasyon sa pa diferan pou moun andikape, li valab tou pou fanm ak ti fi andikape, sa ki anpeche yo antre sou mache travay la. Rapò IHSI 2006 la di “pou gwoup 15-64 lane, andikape aktif ki genyen sèks gason yo se 168 pou chak 100 fanm”. Souvan, sa k ap travay yo viktim diskriminasyon : yo konsantre nan yon seri sektè aktivite (otèl, restoran ak moun pou fè netwayaj) e yo pa rive fasil nan pòs responsab. Konsa, pou yon moun fanm pou l andikape tou, charye anpil soufrans ak lapenn nan monn travay la. Anpil defansè dwa moun panse sitiyasyon dwa fanm andikape bay anpil enkyetid. Fanm andikape yo sibi plis diskriminasyon pase gason yo nan monn

[3] Jean Sergo ALMONORD, Situation socio-économiquedes personnes handicapées, Institut Haïtien de Statistiques et d’Informatiques (IHSI), 4e recencement général de la population et de l’habitat en Haïti, septembre 2006, 54 pages.

[4] *Ibid*

[5] *Politique Égalité Femme-Homme (2014-2034) de l’État Haïtien*, Port-au-Prince, KIskeya Publishing Co., 2014, p. 60.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

travay la. Yo konnen anpil inegalite ak difikilte sou karyè pwofesyonèl ak kondisyon travay yo. An jeneral, pa gen anpil fanm andikape ki reprezante modèl siksè moun konnen e yo absan nan plizyè dimansyon nan sosyete a.

Nou dwe di tou an Ayiti, estrikti sosyoekonomik yo pa kontwole, sektè aktivite ekonomik yo pito enfòmèl e yo pa gen estrikti vre. Yon moun ka viktim yon aksidan a nenpòt laj kèlkeswa sektè aktivite a. Mank sekirite nan aktivite ak anplwa nan tout sektè yo (fòmèl ak enfòmèl) e nan tout laj ka eksplike sa k fè kantite moun andikape yo vin plis. Sitiyasyon sa merite yon atansyon patikilye pou defini politik sou prevansyon. Tout alemye oswa chanjman kondisyon lavi moun andikape ta dwe chita sou yon politik ki la pou entegrasyon ekonomik gwoup popilasyon sa tout bon vre. Nan kondisyon sa, pou fasilite entegrasyon sa sitou sou mache travay la, li ta pi bon pou yo aplike san mank lalwa nan enstitisyon yo, piblik kou prive, ki pa an règ yo ; sa konsène an patikilye atik 44 nan lwa 13 mas 2012 la ki prevwa yon kota omwen 2% pou anplwaye andikape nan pèsonèl la. Nou remake popilasyon fanm andikape yo plis nan zòn pwovens (53.1%) pase vil yo (50.1%). Chif sa yo fè nou panse sitiyasyon sosyoekonomik fanm nan vil yo pi bon pase fanm an pwovens yo. Men, nan yon lòt sans, zòn pwovens gen plis gason andikape (50%) pase vil yo (46.9%). Pou gason andikape yo, pwovens yo pi favorab pou entegrasyon lavi sosyal e lavi ekonomik yo. An Ayiti, agrikilti se prensipal branch aktivite ki genyen. Pou tout peyi a, sektè agrikòl la, san konte lapèch, bay 60.2% travayè andikape, 26.73% nan yo se fanm. Komès ak sèvis, apre agrikilti, anplwaye plis travayè andikape. Yo reprezante youn apre lòt 20.5% e 9.8%. Travayè andikape yo ap travay nan aktivite estraktiv, nan fabrikasyon ak transfòmasyon, reprezante 6.5% e sila yo ki nan sektè konstriksyon 2.2%. Fanm andikape yo plis rete nan vil yo pou fé ti komès e travay kay moun pandan mesye yo pito pwovens pou travay tè e gade bèt (IHSI, 2006).

## 6 Sanble sitiyasyon fanm andikape yo difisil anpil ?

Sitiyasyon ekonomik Ayiti plis touche koup yo. Endis ekonomik yo vin enkyetan. Fanm yo ki se premye siyal povrete a, yo viktim anpil san pale de sa yo ki andikape. Majorite ladan yo ap viv sou kont yon paran, yon zanmi oswa yon manm fanmi yo. Mank edikasyon oubyen absans total metye pwofesyonèl fè fanm andikape yo pa ka antre sou mache travay la. Pa genyen gwo posiblite pou fè biznis, paske an Ayiti, sistèm kredi a pa demokratize. Se yon ti kantite moun ki gen aksè pou jwenn kredi. Bank Santral pibliye yon rapò an 2013 ki fè konnen genyen prèske 10% nan moun ki prete nan sistèm bankè ayisyen an ki benefisye anviwon 70-80% pòtfèy kredi total la. Nou ka konprann pwoblèm aksè kredi an Ayiti, an jeneral, pa piti. Reyalite sa tou montre yo pa menm panse ak koze pou fanm andikape jwenn kredi. Fanm sa yo jwenn, yon fwa konsa, yon ti kredi lè moun ap egzekite kèk pwojè òganis entènasyonal, k ap fè pwomosyon pou emansipasyon ekonomik fanm andikape, finanse. Pa gen anpil òganizasyon entènasyonal ak lokal ki enterese mande bayè fon yo finansman pou pwojè fanm ap dirije. E, domaj, yo pa genyen pwòp fon yo ki ta ka pèmèt yo fè aktivite pou rantre lajan pou devlope tèt yo e vin otonòm.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

## 7 Èske yo pa ka konte sou fanmi yo oswa mari yo ?

Fanm ki gen defisyans yo pi souvan sibi vyolans nan kay pase lòt fanm yo. Lè yon moun se fanm epi li andikape, sa vin fè doub diskriminasyon. Pafwa san defans, yo pi vit viktim vyolans konjigal, vyòl, agresyon seksyèl, agresyon sikolojik, agresyon vèbal, vye kòmantè, elatriye. Epi, jistis sou vyolans baze sou jan pi pa aksesib pou fanm andikape. Yon fanm andikape ki sibi agresyon seksyèl, ki ale nan yon tribinal pou pote plent pou agresè a, pa fasil jwenn akonpayman. Bò kote enstitisyon asistans legal yo, ki gen kòm misyon pwoteje dwa sitwayen, pa gen okenn efò ki fèt. E souvan, fanm andikape yo pa gen dwa jere dwa fè bagay ak fè pitit yo. Yo souvan rete sou kont lòt moun e yo pi vit viktim vyolans seksyèl. Fanm sa yo ki sibi vyolans la vin difisil pou mande èd paske yo pè reprezay ; yo vin kèk fwa ekskli e izole. Vyolans konjigal fanm andikape sibi yo, moun pa konnen sa e zak sa yo pa dokimante. Sa k ta eksplike sitiyasyon sa, se paske genyen yon mit ki fè kwè fanm andikape pa gen lavi seksyèl e pa viv an koup. Fanm andikape yo se yon gwoup nan popilasyon ki pi viktim vyolans konjigal, paske an jeneral yo depann de mari yo. Pwoblèm entegrasyon sosyal mele ak sa ki konsène endepandans ekonomik kapab kreye yon sous konfli nan koup la ki fè gen vyolans. Fanm andikape yo gen yon gwo risk pou viktim vyolans konjigal e sibi fòm vyolans ki pi grav. Akoz tout bagay sa yo, nou dwe batay pou entegrasyon fanm andikape e fè yo jwenn pòs responsab nan asosyasyon yo. Fòk nou fè pwomosyon tou pou egalite sèks ak otonomizasyon fanm andikape. Sa vle di ranfòse dwa fanm andikape pou yo aji yon fason pou asire egzèsis dwa yo nan kondisyon egalite ak devlopman pou tout moun.

## 8 Daprè pawòl sa yo, dwa kilti dwe yon gwo enterè...

Leta ayisyen pa fè okenn efò pou fòse, nan enterè moun andikape, reyalize ou fasilite aksè nan plizyè espas lakilti tankou : sal sinema, bibliyotèk, espas espektak, elatriye. Yo pa bay kategori sa nan popilasyon an okenn posiblite pou yo devlope talan yo sou plan atistik pandan yon bann atis, k ap viv ak yon defisyans, plen talan e nan plizyè domèn k ap eseye fè moun konnen yo. Men, aktivite kiltirèl yo se yon mwayen entegrasyon, paske fanm andikape yo vle patisipe nan lavi kiltirèl site a e fè wè kreyativite yo. Li enpòtan anpil pou travay nan lide pou rann espas kiltirèl yo aksesib, mize, sinema ak adaptasyon zèv kiltirèl yo kòm liv, pwodiksyon odyovizyèl ak fim dokimantè tou… tankou jan atik 60 lwa 13 mas 2012 la di sa, li prevwa yo mete pwodui kiltirèl yo disponib nan fòma aksesib pou moun andikape.

## 9 Jodi a, ki bilan ou fè sou sitiyasyon fanm andikape an Ayiti ?

Jounen jodi a, sitiyasyon Ayiti grav anpil. Nou kapab konstate PIB pa abitan se 1829.59 dola US an 2021 (Bank Mondyal. Enflasyon an se monte l ap monte chak lane. Mete sou sa, devalorizasyon goud la (lajan Ayiti a) e plizyè ajisteman nan salè minimòm nan pa sifi pou kontrekare povrete sistemik la. Dènye tan sa yo, peyi a sibi anpil katastwòf kòm tranbleman tè 14 dawou 2021 e anpil fanm andikape te frape nan evènman sa yo. Kriz sosyopolitik afekte peyi a pandan lontan : tout sektè aktivite yo touche, sa ki plis mete sou kote moun andikape kèlkeswa defisyans la. Souvan, moun andikape yo, pa twò otonòm e bezwen yon asistans toutan nan lavi kotidyen

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

(deplasman, kominikasyon, elatriye). Men nan majorite ka yo, yo abandone moun andikape yo e fanm yo espesyalman ap viv nan izolman total. Pwoblèm yo rive nan tout nivo : respè dwa, absans alokasyon ak resous sifizan nan Leta ki pou pèmèt yo viv. … Menm Leta vyole pwòp règ li e li pa janm pini okenn enstitisyon ki pa respekte dwa fanm andikape. Pou fini, fòk nou di yo pa fè politik piblik solid pou pèmèt aplikasyon lwa nasyonal ak entènasyonal an favè fanm andikape.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703